A CHISIMBISO CHEKUTANGA. Zvakazarurwa 6:1-2.

- ❖ Johani akaona bhiza risina charinopomerwa(jena).Mutasvi waro aiva nechombo chinosvika kure (vuta) uye aiva nekukurira(korona).
- ❖ Bhiza iri mufananidzo we Sangano rekutanga.
- ❖ Sangano rekutanga rakatambira simba pa Pentekositi uye "rakakurira rikaramba richikurira."

B CHISIMBISO CHECHIPIRI. Zvakazarurwa 6:3-4.

- ❖ Jesu akagara ataura kuti Vhangeri richapikiswa nemasimba akashata (Mateo 10:34).
- ❖ Hutongi hwe Roma hwakatambudza ma Kristu rukauraya vazhinji nekuda kwekutenda kwavo kubva mu senjuri yechipiri.

C CHISIMBISO CHECHITATU. Zvakazarurwa 6:5-6.

- ❖ Ruvara rutema runopikisa ruchena.Kuchena kwe Vhangeri re bhiza jena rwakazokanganiswa panguva iri pakati pa 313 AD na 538 AD.
- ❖ Bhaibheri rakasiyiwa,vanhu vakanzwa nenzara ye Shoko raMwari (zviyo ne bhari).
- ❖ Zvakadaro,Mwari aingopa ruponeso kune anoda kubudikidza Mweya Mutsvene(mafuta) uye ne ropa ra Jesu (waini).

D CHISIMBISO CHECHINA. Zvakazarurwa 6:7-8.

- ❖ Ruvara rwebhiza iri ndere chitunha chakuora. Mufananidzo wekufa pamweya nekuda kwekurasa Bhaibheri uye zvimiso zve Vhangeri.
- ❖ Ndiyo nguva imweyo seshoko ku sangano re Tiyatira,sangano rakafa pamweya.
- ❖ Zvirango zvimwe(rufu nezvikara) zvinowedzerwa pane zvakare(vuta nenzara).Pamwe kuedza kwa Mwari kuti amutse Sangano kuti ribva pakutsauka kwaro (Revhitiko 26:21-41).

E CHISIMBISO CHECHISHANU. Zvakazarurwa 6:9-11.

- ❖ Mutembere, ropa revakaurawa rakaparara pa aritari yekupirisa mhuka (Revhitiko 4:25).
- ❖ Ndimo Johani—urimufananidzo—akaona vanhu (mweya,vanhu, wona 1K. 15:29) vakaurayiwa ne sangano re Roma nekuda kwekutenda kwavo.
- ❖ Vakafa nokuda kwokutenda vanonzi vakafanira (wona Zva. 3:4) uye vanovimbiswa kuti Mwari haana kuvakanganwa.Vanofanirwa kumirira kwechinguva kuzvikira nyaya dzose dzagarirwa uye Kristu ouya zvakare"kuti ape mumwe nemumwe sekubata kwaakaita" (Zva. 22:12)
- ❖ Panguva iyo,vachamutswa vobatana "nevaranda pamwe navo uye nehama dzavo."

F CHISIMBISO CHECHITANHATU. Zvakazarurwa 6:12-17.

- ❖ Zviitiko zvakanzi nendima iyi zvichaitika zvakazadziswa nekuenderana kwazvakadomwa nazvo:
  - — 11/1/1755 Kudengenyeka kwenyika ku Lisbon
  - — 5/19/1780 Rima kubva na 10 mangwanani.
  - — 5/19/1780 Mwedzi unoratidzika seune ropa
  - — 11/13/1833 Nyenyedzi dzinonaya zvikuru
- ❖ Tirikurarama munguva yechisimbiso chechitanhatu,kusvika munhu wese asiva chokwadi che Vhangeri.Avo vanoramba idi vachada kutiza pamberi pekuvepo kwe Gwayana."Uye ndiyani achagona kumira?"